

## Peraturan babagan prilaku seksual kanggo pekerja kemanusiaan

Pekerja kemanusiaan **biso dihukum – malah bisa dipecat – yen nindakake prilaku sing dilarang perkoro seks.** Ing ngisor iki peraturan sing kudu dipatuhi:

- Pekerja kemanusiaan **ora diparengake nindakake hubungan seksual karo uwong sing umure durung 18 tahun, senadyan perkara iki diizinké ing negarane.** Ngendiko yen ora ngerti umure dudu alasan sing sah.
- Pekerja kemanusiaan **ora diparengake mbayar seks nganggo duit, pegawean, barang utawa jasa** – termasuk barang lan jasa sing dimaksudke kanggo nulung wong liya. Dheweke ora oleh ngucapake janji babagan iku kanggo mengaruhi wong liya supaya nrimo prilaku sing ngasorake utowo eksplorasi. Iki kalebu mbayar utowo nawarake duit kanggo seks marang pekerja seks (WTS).
- Pekerja sosial nduweni pengaruh marang sapa sing nrimo barang lan jasa. Posisi iki nyebabake dheweke nduwe kuasa luwih tinimbang wong sing mbuthake pitulungan. Amargo kui, organisasi kemanusiaan **dielingke ora nindakake hubungan seksual karo wong sing terdampak** darurat kemanusiaan. Hubungan sing kaya ngono iku mau nyebabake tindakan kemanusiaan katon ora jujur lan ora iso dipercayo .
- Yen pekerja kemanusiaan **kuatir utawa curiga** ana wong ing organisasine utawa organisasi bantuan liyane mungkin ngelanggar peraturan bab prilaku seksual, dheweke **kudu lapor miturut prosedur sing uwis ditetapake marang organisasine.**
- Pekerja kemanusiaan **kudu nyiptakake lan njaga** lingkungan kerja kang nyegah prilaku seksual terlarang lan ndhukung staf supaya nduweni prilaku miturut **etika prilaku. Kabeh manajer** mikul tanggung jawab kanggo ndhukung lan ngembangake sistem kanggo njaga lingkungan iki.

Prinsip IASC babagan eksplorasi lan pelecehan seksual bisa diwaca ing:

[http://www.pseataskforce.org/uploads/tools/sixcoreprinciplesrelatingtosea\\_iasc\\_english.doc](http://www.pseataskforce.org/uploads/tools/sixcoreprinciplesrelatingtosea_iasc_english.doc).

Versi bahasa awam iki disusun kanthi kerja sama IASC Task Team kanggo Accountability to Affected Populations and Protection from Sexual Exploitation lan Translators without Borders.